

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1. Kasang Tukang Masalah**

Kasusastraan Sunda, minangka bagian tina kabudayaan daérah, perlu dipiara tur dimekarkeun. Hasil karya sastra Sunda, loba nu ngandung ajén linuhung sarta gedé mangpaatna pikeun ngarojong pangwangunan spiritual manusa Indonésia. Di sagigireun éta, ajén linuhung sastra Sunda ogé geus ngabeungharan kandaga kabudayaan Nasional.

Sastra Sunda jadi salasihiji bahan ajar di sakola (SD, SMP, jeung SMA) sarta pangajaranana diatur dina kurikulum. Pangajaran sastra di sakola, utamana mah keur ngipuk minat sarta aprésiasi para siswa kana hasil karya sastra Sunda.

Karya sastra diciptakeun salaku wadah dina ngébréhkeun pikiran, gagasan, rasa jeung kapercayaan manusa. Karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis/kaéndahan sastra (Iskandarwassid, 2003, kc. 135).

Salian ti éta, karya sastra mangrupa hasil budaya titinggal karuhun anu kudu dipaliré jeung dimumulé. Salasihiji tarékah dina ngariksa hasil titinggal budaya nya éta ngadokuméntasikeun karya sastra buhun anu sipatna tinulis, di antarana wangun naskah.

Kiwari, naskah-naskah Sunda loba anu leungit. Padahal, dina naskah-naskah téh ngandung hal-hal anu penting pikeun masarakat mangsa kiwari. Upamana waé eusi dina naskah-naskah Sunda ngandung unsur sajarah, agama, adat-istiadat, mantra, paririmbón, sastra, jsté. Tangtuna waé éta sakabéh unsur anu aya dina naskah téh ngandung ajén-inajén sarta pituduh ti karuhun pikeun masarakat Sunda dina nyanghareupan kahirupan. Hanjakalna, naskah-naskah téh loba anu ditulis dina kertas anu babari ruksak alatan teu dipiara ku nu boga naskah. Sakapeung éta naskah dianggap teu penting, sabab loba anu teu bisa maca naskah, atawa naskah téh dijadikeun barang anu sakral. Ku kituna aya sababaraha tarékah pikeun nyalametkeun eusi naskah, di antarana nya éta ku

cara ditalungtik. Ieu panalungtikan téh bisa ku cara nyusun édisi téks, dianalisis, jeung bisa dijadikeun bahan ajar.

Saenyana mah, karya sastra téh geus dipikawanoh ku masarakat saméméh maranéhna nyaho kana studi sastra. Ku kituna, karya sastra mangrupa hasil budaya titinggal karuhun anu kudu dipaliré jeung dimumulé. Ayana karep masarakat pikeun ngamumulé karya sastra tangtu waé bakal mangaruhan kana kamekaran sastrana sorangan. Salasahiji tarékah masarakat pikeun ngamumulé di antarana ngadokuméntasikeun karya sastra buhun anu sipatna lisan atawa tulisan. Dina wangun dokuméntasi karya sastra aya anu sipatna tinulis, nya éta wangun naskah. Saméméh aya buku nu dicitak, masarakat Indonésia geus wanoh kana naskah (Ruhaliah, 2011, kc. 2).

Salah sahiji warna naskah Sunda anu loba dihasilkeun nya éta dina wangun wawacan. Nurutkeun Iskandarwassid (2003, kc.168) wawacan nya éta carita anu didangding digelarkeun dina wangun puisi pupuh. Kusabab caritana ngalalakon, teks wawacan umumna paranjang, sok gunta-ganti pupuh marengan gantina episode.

Istilah wawacan nurutkeun Rosidi (dina Ruhaliah 2011, kc. 2) henteu ngurung sagala rupa bacaeun, ngan nuduhkeun kana hiji wangun sastra anu mangrupa dangding biasana mangrupa carita. Saterusna Rosidi (Ruhaliah, 2011, kc. 6) nétélakeun yén wawacan nya éta hikayat atawa carita anu ditulis dina wangun puisi anu disebut dangding.

Dumasar wangenan di luhur, naskah mangrupa objék kajian filologi anu sipatna konkret. Ku kituna, panalungtikan wawacan perlu diayakeun pikeun ngariksa naskah nu sumebar di masarakat. Hanjakalna pikeun nalungtik naskah nu mangrupa koléksi pribadi sok hésé, ku sabab masarakat nganggap yén naskah téh barang sakral, jadi sok disumputkeun.

Baried (1985, kc. 54) nétélakeun anu disebut naskah nya éta:

*“objek penelitian filologi yang konkret yang berupa tulisan tangan yang menyimpan berbagai ungkapan pikiran dan perasaan hasil budaya bangsa masa lampau”.*

Ieu panalungtikan leuwih museur sarta dihususkeun pikeun néangan struktural jeung semiotik anu aya dina “Wawacan Pangantén Tujuh”

disaluyukeun jeung SKKD salaku bahan pangajaran di SMA, nya éta dina kaparigelan maca carita buhun.

Pangajaran maca karya sastra buhun di SMA mangrupa salah sahiji materi ajar maca di SMA. Ari pangajaran maca minangka bagian tina opat kaparigelan basa dina pangajaran basa Sunda anu diajarkeun ka siswa, nya éta kaparigelan ngaregepkeun, maca, nyarita jeung nulis. Éta opat kaparigelan kudu luyu jeung aturan-aturan tata basa. Ngaregepkeun jeung nyarita mangrupa kagiatan primer, sedengkeun maca jeung nulis mangrupa kagiatan sekunder. Dina kahirupan sosial maca jeung nulis téh geus nuduhkeun peranan nu kawilang gedé. Sakabéh kamampuh bisa ngajadikeun siswa miboga kahirupan jeung posisi nu leuwih hadé di masarakat ka hareupna. Ku kituna, siswa kudu miboga kamampuh dina sakabéh aspék kaparigelan basa, kaasup kamampuh maca karya sastra buhun.

Pangajaran basa jeung sastra Sunda ngabogaan tujuan pikeun ngajénan jeung nimbulkeun rasa reueus kana basa jeung sastra Sunda, paham kana basa jeung sastra Sunda, sarta mampuh maké basa Sunda kalawan bener tur merenah.

Panalungtikan ngeunaan naskah nu geus dilakukeun ku Mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daérah di antarana, “Analisis Struktur jeung Ajén Budaya Wawacan Nabi Yusuf” (Eva Novianti, 2005), dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan ajén budaya nya éta pakasaban dagang, tata cara rumah tangga, budaya dina maké baju, sarta ajén-inajén anu patali jeung kaagamaan. Dina ieu panalungtikan naskah leuwih nyoko kana ajén budaya anu nyangkaruk dina éta naskah. “Analisis Srtuktur jeung Ajén Budaya Wawacan Babad Cirebon” (Dini Siti Oktaviani, 2007), dina panalungtikan ieu teu béda jeung panalungtikan nu kahiji, leuwih museur kana ajén budaya anu aya dina éta naskah, saperti ajén budaya, kaagamaan, organisasi kamasarakatan, téhnologi, pakasaban, sistem basa, sarta kasenian. “Idéntifikasi Ajén Budaya Sunda dina Wawacan Jaka Bayawak” (Rusdiana, 2008), dina ieu panalungtikan dipaluruh ngeunaan ajén budaya Sunda anu nyampak dina éta naskah, nya éta ajén budaya sosial masarakat, nya éta anu patali jeung étika nu dipaké nalika campur gaul di masarakat. “Analisis Struktur Wawacan Rara

Mendut” (Rusmayanti, 2008), dina ieu panalungtikan naskah dianalisis sacara struktural tapi teu dipatalikeun jeung bahan ajar. “Struktur jeung Ajén Moral dina Naskah Wawacan Ratu Déwi Maléka” (Devi Cahyani Wulansari, 2009). Dina ieu panalungtikan dipaluruh struktur jeung ajén moral anu nyampak dina éta naskah, tapi teu dipatalikeun pikeun bahan ajar di Sakola. “Analisis jeung Ajén Budaya dina Wawacan Panji Kusumah pikeun Bahan Pangajaran di SMP” (Nenden Sri Utari, 2010). Dina ieu panalungtikan naskah dianalisis sacara struktural tapi teu dipatalikeun pikeun bahan ajar .

Dumasar katerangan di luhur, “Wawacan Pangantén Tujuh” di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah UPI nepi ka danget ieu can ditalungtik tur dianalisis dumasar kana struktural jeung semiotikna sarta pikeun dijadikeun bahan ajar maca carita buhun. Ku kituna, kacida payusna upama diayakeun panalungtikan kana éta naskah dina wangun skripsi, supaya ieu panalungtikan teu ngan saukur dianalisis tapi bisa dijadikeun bahan ajar di sakola. Judul ieu panalungtikan téh nya éta “Wawacan Pangantén Tujuh pikeun Bahan Ajar Maca Carita Buhun di SMA (Ulikan Struktural-Sémiotik)”.

## **1.2 Rumusan jeung Watesan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar judul skripsi anu dipedar, wawacan anu ditalungtik nya éta “Wawacan Pangantén Tujuh”. Cara nalungtikna museur kana analisis struktural jeung sémiotikna. Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesanan, nya éta analisis struktural dumasar kana tiori Stanton jeung sémiotik dumasar kana tiori Peirce, nu satuluyna dianalisis pikeun maluruh bagéan mana waé anu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca karya sastra buhun di SMA.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah di luhur, ieu masalah téh dipertélakeun dina wangun patalékan, nya éta saperti di handap ieu.

- 1) Kumaha ringkesan carita “Wawacan Pangantén Tujuh”?
- 2) Kumaha struktur carita “Wawacan Pangantén Tujuh”?
- 3) Kumaha unsur-unsur sémiotik anu aya dina “Wawacan Pangantén Tujuh”?

- 4) Kumaha bahan ajar maca carita buhun tina hasil panalungtikan “Wawacan Pangantén Tujuh”?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum anu baris dihontal nya éta pikeun maluruh ma’na-ma’na anu nyangkaruk dina “Wawacan Pangantén Tujuh” dumasar kana analisis struktural jeung semiotik, anu mangrupa salah sahiji tarékah pikeun ngajaga jeung ngamumulé karya sastra Sunda Buhun hususna naskah Sunda sangkan sastra Sunda henteu tumpur.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) Ngadéskrupsikeun ringkesan carita “Wawacan Pangantén Tujuh”;
- 2) Ngadéskrupsikeun struktur “Wawacan Pangantén Tujuh”;
- 3) Ngadéskrupsikeun unsur-unsur sémiotik “Wawacan Pangantén Tujuh”;
- 4) Nyusun bahan pangajaran “Wawacan Pangantén Tujuh” pikeun bahan ajar maca karya sastra buhun di SMA.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat teoritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan ma’na-ma’na anu nyangkaruk dina “Wawacan Pangantén Tujuh” boh sacara struktural boh sacara sémiotik, sangkan bisa dipikaharti, diturunkeun, tur dijadikeun cecekelan masarakat Sunda, hususna masarakat Sumedang dina enggoning nyanghareupan kahirupan dina mangsa kiwari, sarta bisa dipikawanoh ku siswa ngaliwatan pangajaran maca carita buhun.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Salian ti mangpaat tioritis nu dipedar saméméhna, ieu panalungtikan ogé dipiharep miboga mangpaat praktis, di antarana nya éta pikeun:

- 1) Pamaréntah, bisa leuwih museurkeun perhatianana sarta ngamumulé titinggal karuhun anu nyampak dina karya sastra Sunda buhun;
- 2) Guru, bisa nambahan pangaweruh dina mekarkeun pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola ku cara ngagunakeun métode anu luyu jeung kontéks pangajaran;
- 3) Siswa, bisa mikawanoh tur nambahan élmu pangaweruh ngeunaan adat-tradisi sarta karya sastra buhun titinggal karuhun masarakat Sunda; sarta
- 4) Nu maca, dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan “Wawacan Pangantén Tujuh” jeung hartina.

### **1.5 Struktur Organisasi Skripsi**

BAB I Bubuka, nu ngawengku judul panalungtikan, kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan umum panalungtikan, tujuan praktis panalungtikan, mangpaat umum panalungtikan, mangpaat teoritis panalungtikan, mangpaat praktis panalungtikan, jeung struktur organisasi skripsi.

BAB II Ulikan Pustaka anu ngawengku hakékat wawacan, kamekaran wawacan, tiori struktural (Robert Stanton), tiori sémiotik (Charles Sander Peirce), hakékat maca, pangajaran basa Sunda, kriteria milih bahan ajar, jeung pangajaran maca di SMA, panalungtikan saméhméhna, jeung raraga mikir.

BAB III Métode Panalungtikan, nu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, jeung téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, nu ngawengku data jeung pedaran, hasil panalungtikan, analisis data jeung hasil panalungtikan ngeunaan “Wawacan Pangnantén Tujuh” pikeun bahan ajar maca carita buhun di SMA kelas XII anu dianalisis sacara struktural-sémiotik.

BAB V kacindekan jeung saran.